# *Пшысэу «Бэлыджым » изэхэгъэуцон.*

***Зыгъэхьазырыгъэр :***

***Бэрзэдж Светлан, Джэджэхьэблэ гурыт***

***еджап1эу № 7, Джармэкъо Нухьэ***

***зыц1э зыхьрэм иублэп1э классхэм ак1элэегъадж.***

***2025-рэ илъэс.***

**Зезыщэрэр:**

Еомэ зэра1омэ зэра1отэжьзэ

Л1ыжърэ ныожърэ щы1агъ.

Гъэм ашхыщтыр къыхахэу

Ахэмэ хатэ я1агъ.

Гъатхэм гухэлъхэр и1эу

Л1ыжъым къазгъырыр ыштагъ

Бжыхьэм ышхынэу щыгугъэу

Бэлыджыр хатэм щиш1агъ.

Мазэп, мэзит1ум нахьыби блэк1ыгъ

Бэлыджэр инэу инэу къэк1ыгъ.

Ар чIыгум пытэу хэтIысхьагъ

***(Бэлыджэр къехьэ, пхъэнтIэкIум тетIысхьэ).***

***(ЛIыжъыр къехьэ, бэлыджэр къекъудыи).***

**Зезыщэрэр**:ЛIыжъы цIыкIум лъэшэу-лъэшэу

Къекъудыи мо бэлыджэр.

ПкIантIэр къехы, къин елъэгъу,

Къыфыхэчрэп ащ бэлыджэр.

**Бэлыджэр:**

О лIыжъ цIыкIу, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп.

**ЛIыжъыр:**

ГъэшIэгъоны джы сэ слъэгъурэр!

Бэлыджэри мэгущыIэ.

***»***

***)***

***(Бэлыджэр къекъудыи)***

Къысфыхэчырэп мы бэлыджэр,

Ныо цIыкIум сыкъеджэн.

А синыоу ныо цIыкIу,

КъакIуи мыдэ зэ къыздеI,

Тибэлыджэ къыздыхэч.

**Ныор:**

Укъысэджагъа, силIыжъ цIыкIу?

***(Ныор къехьэ, бэлыджэр къекIухьэ, еплъы, къекъудыи).***

**Ныор** :Мыр бэлыджа, хьауми сыд?

**ЛIыжъыр:**

КъызэрыкIоп мы бэлыджэр,

ЧIыгум пытэу хэкIыхьагъ.

**Ныор:**

УмыгумэкI, сыкъыбдеIэщт,

ПсынкIэу ар тэ къыхэтчыщт.

**Бэлыджэр:**

Нэнэжъ цIыкIу, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп,

УилIыжъ цIыкIу дэIэпыI.

**Зезыщэрэр**:

Л1ыжъым бэлыджэр ы1ыгъ.

Ныом л1ыжъыр ы1ыгъ.

Къакъудыи, къакъудыи

Къыхачын алъэк1рэп!

(

**Ныор:**

Ух,ух,ух. Сыпшъыгъ сэ лъэшэу

Пхъорэлъф цIыкIум сыкъеджэн.

А сищащэу щэщэ цIыкIу!

КъакIуи мыдэ зэ къыздеI.

***(Пшъэшъэжъыер къехьэ, бэлыджэм еплъы, къыхичынэу фежьэ).***

**Бэлыджэр:**

Пшъэшъэжъый, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп,

Уинэнэжъы дэIэпыI.

***(Геройхэм бэлыджэр къекъудыи, ау къафыхэчырэп).***

**Зезыщэрэр**:

Л1ыжъым бэлыджэр ы1ыгъ.

Ныом л1ыжъыр ы1ыгъ.

Пшъашъэм ныор ы1ыгъ.

Къакъудыи, къакъудыи

Къыхачын алъэк1рэп!

**Пшъэшъэжъыер:**

Сыкъэпшъыгъ сэ лъэшэу инэу

Мышъыд цIыкIум сыкъеджэн.

Сихьэ цIыкIу, моу зэ къакIо

Бэлыджышхор къыддыхэч.

***(Мышъыд къелъадэ-гъау, гъау, бэлыджэр къекъудыи).***

**Бэлыджэр:**

О хьэ цIыкIу, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп,

Пшъэшъэжъыем дэIэпыI.

***(Геройхэм бэлыджэр къакъудыи, ау къафыхэчырэп).***

**Зезыщэрэр**:

Л1ыжъым бэлыджэр ы1ыгъ.

Ныом л1ыжъыр ы1ыгъ.

Пшъашъэм ныор ы1ыгъ.

Мышъыд пшъашъэр ы1ыгъ.

Къакъудыи, къакъудыи

Къыхачын алъэк1рэп!

**Мышъыд:**

О-о-х, сыпшъыгъ сэ лъэшэу инэу

Чэтыу цIыкIум сыкъеджэн.

Чэтыу тхьагъэпц1ыр, моу зэ къакIо

Ори уиш1уагъэ зэ къытэгъэк1,

Бэлыджышхор къыддыхэч.

***(Чэтыур къелъадэ-мяу-мяу, бэлыджэм ечъал1э къекъудыи).***

**Бэлыджэр:**

О чэтыу цIыкIу, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп,

Мышъыд цIыкIум дэIэпыI.

**Зезыщэрэр**:

Л1ыжъым бэлыджэр ы1ыгъ.

Ныом л1ыжъыр ы1ыгъ.

Пшъашъэм ныор ы1ыгъ.

Мышъыд пшъашъэр ы1ыгъ.

Чэтыум Мышъыд ы1ыгъ.

Къакъудыи, къакъудыи

Къыхачын алъэк1рэп!

**Чэтыу:**

Ины бэлыджыр!

Олахьэ 1эпы1эгъу тищык1агъэм!

А цыгъо ц1ык1у, тыдэ ущы1?

Къыхэлажь тэ тиш1ыхьаф

Моу зэ къакIо, уиш1уагъэ къытэгъэк1.

Тибэлыджэ къыддыхэч.

***(Цыгъор къелъадэ ц1иу-ц1иу бэлыджэм ечъал1э, къекъудыи).***

**Бэлыджэр:**

О цыгъо цIыкIу, умыгузажъу,

Уикъарыуи о фэсакъ.

Сэ олъэгъуа сызфэдизыр?

Сыкъыхэпчыныр сэ псынкIахэп,

Чэтыу цIыкIум дэIэпыI.

**Бэлыджэр:**

Шъумышъхьахэу, хъупхъэу, чанэу

ЗэкIэми джы сышъуубыт.

**Зезыщэрэр:**

ЛIыжъи, ныуи, пшъэшъэжъыи,

Мышъыди, Чэтыуи, цыгъо цIыкIуи

ЗэдеIэжьхэу зэдаубыти

Бэлыджэшхор къыхачыгъ.

**ЛIыжъыр:**

ШъукъыддеIи шъумышъхьахэу,

ТиIофшIэнхэр дгъэцэкIагъэх.

**Ныор:**

Лъэшэу, лъэшэу тышъуфэраз.

**ЗэкIэ героихэр:**

«Шъопсэу!»